

## Ki jan ou kapab jwenn materyèl pou ou aprann anglè

Ou kapab jwenn materyèl yo nan rechèch katalòg sitwèb nou an, ki se yon ba oswa espas rechèch ki sitye anlè dwat nan sit entènèt ccplohio.org. Lè w klike nan espas sa, tape yon mo kle ki gen rapò ak sa w ap chèche a epi peze oswa klike bouton loup la ki an wouj ki sitye adwat espas rechèch la.

Lè w ap chèche materyèl pou ou aprann anglè, sèvi ak mo kle tankou "English language" oswa "English as a foreign language" pou kòmanse rechèch ou an. Apre peze oswa klike sou loup la epi anpil opsyon ta dwe parèt.

Ou kapab sèvi ak filtè ki sitye sou bò gòch ekran an pou ou redwi nan rezilta ou yo. Imedyatman ou pral wè opsyon pou kalite materyèl sou paj ki agoch la, sa ki ap pèmèt ou klike sou kaz atik ou vle a. Si ou vle espesyalman yon liv, ou ka klike sou kaz ki akote "Book" la, si ou vle yon liv odyo sou CD, ou ka klike "Audiobook CD" elatriye...

Sou bò gòch la ou ap jwenn lòt opsyon filtraj. Ou kapab klike sou "Available Now" epi klike sou yon kaz akote yon anplasman espesifik pou wè sèlman atik nan branch oswa sikisal bibliyotèk ou chwazi a. Si w wè yon atik ki enterese w ou ka klike sou bouton gri "View Availability", epi answit sou bouton ble "Shelf Map" pou wè yon kat ki montre w sou etajè egzak atik la dwe ye nan bibliyotèk la.

1. Sèvi ak ba rechèch ki anlè adwat nan sit entènèt la pou tape mo kle tankou "English language" oswa "English as a foreign language", apresa peze ENTER.
2. Ale nan filtè ki sou bò gòch ekran an. Klike sou kaz ki akote materyèl w ap chèche a.
3. Klike sou Available Now anlè sou bò gòch epi klike sou kaz ki akote bibliyotèk w ap vizite a.
4. Koulye a, ou pral wè atik ki nan kalite ou te selksyone a, ki disponib pou prete nan lokal bibliyotèk la.